

Ndax am  
**NGUEEN MBOKK  
WALA NIT KU  
RÉER CI  
YOONU TUKKI ?**



JUMTUKAAY  
**NGUIR SEET  
AY NIT ÑU RÉER  
CI DIGG YI**

## FIRNDE

→ **NAN LAN MANA DEF BA**

**GUIS KU RÉER CI**

**YOONU TUKKI?** \_\_\_\_\_

**3**

→ **FAN LAÑ MANA DEM?**

**CI KURELU MBOOLO MI** \_\_\_\_\_

**4**

→ **FAN LAN MANA DEM?**

**CI KUREELU ASKAN WI** \_\_\_\_\_

**6**

→ **NAN LAÑUY DEF BU**

**ÑU GUISEE NÉEW?** \_\_\_\_\_

**8**

→ **JAFE-JAFE YI GËNË BARI**

**SEEN I SAAFARA** \_\_\_\_\_

**10**

→ **NIT ÑI RÉER, ÑI FAATU,**

**SEENUG NJABOOT**

**AK SEEN I ÀQ** \_\_\_\_\_

**15**

→ **CA-MINANDO FRONTERAS** \_\_\_\_\_

**17**

Poñ bii Waa Ca-minando Fronteras ño ko defoon  
Ki joxé nataal yi: Jacob Sánchez-Vallejo

Licence nguir yamalé niñii  
[www.caminandofronteras.org](http://www.caminandofronteras.org)  
Xaatim bu njekk: mai 2021  
Ñaareelu xaatim: novembre 2022

## NAN LAN MANA DEF BA GUIS KU RÉER CI YOONU TUKKI?

### XIBAAR BU NU MANA AM CI NITT KI

#### DATOS PERSONALES:

Tur ak sant.

Keyitu jëmm.

Bis ak bereb bi mu judo.

Ñata at la muna am.

Fan la deck.

#### XIBAAR CI KI MU MUJJEE JOOKKOOL:

Fan la neekoon?.

Fan la doon dem?.

Nan la jookkante ak moom?.

Kan la aandaloon?.

Ak beneen xibaar bu la muna amal njarin.

Dajalé xibaar yéepp numu gënë a gaawee. NATAAL YU MUJJ YI.

Dinga soxla am benn wala ay nataal yu yaagul ci nitt ki.

#### YENEENI XIBAAR YU NU MANA RAAÑEE NIT KI:

Mandarga yinga am yéepp ngay soxla, sudee xam nga leen.

- Mandargay jëmmëm : dayo ak diisaay, meloy bet yi, melew kawar gui, ak beneen maandarga (fudden, xarab), jaangoro ju mu amoon.
- Yëre ak ay wall ci boopam jamono ji mu réeree (yere, lu mu soloon lu mel ni jaaro wala ay lam).

## ¿FAN LAÑ MANA DEM? CI KURELU MBOOLO MI

Ci jefeekaayu mboolo mi.

Réew yéep a sàmm àqi nit ni réer, rawatina way tukki yi.

Réewum cosaanu nit ki réer dafa wara woote fa mu yaakaarni fa la nit ki nekk.

Waye tam mun nañu waxtan ak Réew yi bokk dig ak fa nit ki réer, boole doole, dimbalante nguir ñu seetandoo ko.

## LU TAX NU WAR KO FIRNDEEL REERO BII?

Danga wara teew nguir firndeel réer gui. Réew yéep a war a jubloo ndoo ci seet gui.

Ñaxtu gui mooy biral say àq ak say yeeleef ci nit ki réer, ndeguëm mbookk la wala jegeñaalé.

Dina am solo itam dajale mbooleem xibaar yu aju ci nit ki. Mā nam yeesal saa su ne.

## FAN LAN WARA DEM?

Ci jefeekaayu mboolo mi.

Fan laa ko man a firndee lee? Ci alkaati yi ak berebu aate kaay yi (ci réew yi mu amee doole) ci béep réewum jemukaay. Mun nga deff plainte bii ci deuk binga nekk (jarul sax nga dem ci deuk binga fogne fof la rere). Alkat yii deno am waref nguir ñu lijante sen ay pexee, yonne ay sen nitt cii reero bi fimi ame.

(waye tam, mun nguen yobu mbirr mi cii yonn, cii konsulaa deuk yi nga xamne sa mbokk fala reere.)

## KAN MOO KO MAN A FIRNDEEL?

Bepp nit, mu nekk ay mbokam wala ñii ko jegue.

Seen keyitu jemm rek ngeen di soxla te joxe xibaar yi ngeen doon dajalé. Mannan leena laaj ay keyit yuy firndeel seenug book wala xam ci nit ki réer. Su ngeen ko amee baaxna waaye du lu far.



**CONSULA-BA**



**TRIBINAL**



**KERR ALKAT YII**

<sup>1</sup>Poñ bii Kerr binga xamanten i moy topoto mbirr ñi rerr

## ¿FAN LAN MANA DEM? CI KUREELU ASKAN WI

Ci kureelu reew mi ak mboolo mi. Waaye réew yu bari du nu sàmoonté ak ndigal yi sudee ni ki réer dafa tukki woon. Mannaam am sax ngueen am ay jafe-jafey jefeekaay yu dooleeku ci jaaxleb wer bi.

Liñou leen di xelal mooy bu de mun ngeen àand ak kureelu reew mi ngir weyel seet gui. Am nanu xam-xam gu yaatou ci wall worr ay nitu yu rerr cii tukki, man nanoo am xibaar yu leen soxal.

(Deenc nataali jigeen gni aandadoo).

Ci kureelu reew mi ak mboolo mi. Moo waral am aandadoo yu woor am solo fii:

**Firnde gui:** waxtuw yobou ci yonn bi lu meeti la te yéemé. Bu dee deegoo laaku dekk bi, mbaa nga ñàkk faa miin, li gën mooy nga aand ak ku fa xam; mannaa yoombal waxtaan wi ak lijenti bi, toluway ak galan kor yi. Mannaam tax nga gënë jeeku linga soxla.

**Ci leewtoo bi,** keru ligeeyu kaay bi mannalaa dimbali ci tontu laaj yi ak oyofal tiis wi ci jamano bu metti bi nga nekk.

**Sudee nak nit ki feeñ na te faatu,** di ngueen soxla ndimbal nguir man ko xam ba noopi jublu ci deenc ko wala jéem ko deeloo fa mu jugué woon. Fii tamit aand ak nit baax na ndax mu man laa jaapale cii jamano bu meti bii.

**Nguir ñu bañ la tapale:** dina faral di am ay nit wala ay kureel yuy joxé ay xibaar yu werul njabootu way dawlu bi : cii jamono yii meti lañu jarr, tapale niñii ngor am kopar, wala ñaak xam, wala baña teg njaboot gui tiis ak naqar.



## NAN LAÑUY DEF BU ÑU GUISEE NÉEW?



Bu nu guisee néew bi li jaadu mooy alkatt yií ak aate kat yi teew. Néew yi dinan leen yoobu cii morgu loopitaal ya deenc leen fa. Bu boobaa nu mana xool, gestu li waral dee gui, tamit ñu muna raañee néew bii.

Ay kurel ak ay nit ñu baax dinan gungé mbooki néew bi ak i jegegnaaleem ban mana toopatoo léep lu jem ci deenc ko mba deeloo si ko cib dekem.

### RAAÑEE KAAY

Nguir jaapandil raañee gui, soopp nan ci dajale béep xibaar bu aju ci nit ki ci ag dundam. Bu ko defee, dinan mana meengale xibaar yi nu am yeep baayikoo ker doktoor, ci alkaatt yií wala aate kat yi.

Cii toluwayy néew bii, mun nanu deff raañee gui ak xibaar bu un jott ci nit ki ci ag dundam. Bu fekenteni raañee bii manul nekk, danuy diarr deff test AND.

Ci dekk yi nu amalee gestu bi yéep man nan faa jelee ay xibaar ci nit ki, ci ag dundam. Mingui aju rek ca nanu feeke ab néewam.

Ca Espagne, nataali nit ki ak xibaar yi jem ci moom mannanoo dimbali ñiy raañee si, waayé li ep ci liniy soxlo ci néew bi lan mana jelee.

Ca Maroc, Algérie, Mauritanie ak Senegaal, fi ak ñoo ngui mana jefendikoo yii si néew bi, xibaar yi jugue ci mbookk yi ak jegueñaale doy nan nguir xaamee ko su fekenteni toluwayy néew bii maye nako

Sañ ngeea deenc béapp keyit bu tukkeeci raañee gui.



## ROOBB

Ginaaw ba nu raañee néew bii ba nooppi, ay mbookkaw war nanoo taxaw ci ljenti keyit yi leen waa dekk bi laaj. Jegue ci nit ñi am xamxam nguir mu génë jàppandi munna dimbale mbokk yi.

Bu léep antoo, ni men a jublu ci keyit giy firndeel ni léep jeex na, keyitt bobuu moy wonéni k diw dé fatuna.

Bu leen neexee itam deenc ko fa mu faatoo. Ci dekk yi nu amalee gëstu bi, men ngeen faa deenc seeni néew te doo leen ci fay dara su dee seen am-am demee wul noonu.

Su leen neexee itam ngueen yoobu seen néew deenc ko fa mu cosaanoo nguir manna saamoontek seeni aada ak cosaan. Fii nak moom, linga war a fay ngeen géene néew bi man naa diis ci njaboot gui.

## YOBBU NÉEW BI CA DEKKEU BA

Nitt ki faatú ak ay mbokkam amna nu akk ngeir muna yobbu néew bi ci dekkam ngir mu muna nelew fofé. Li guena metti ci yobb bi moy defay lajj xaliss bu bare bare.



2Maroc, Espagne, Senegal, Algerie

## JAFE-JAFE YI GËNË BARI SEEN I SAAFARA

### DONN MODU MODU

#### JAFE-JAFE

Cii deukk modu modu yi, ci fanuy diarr ak fanuy demm, kenn ci ñoññ beugul xam dara ci ñuy faatu ci yonu guii. Sen ay politik lu ñuy tekki ca frontier ya ño tax ken du jis ñuy faatu tamit beugu ñu diox mbok yi yoonu degg, ak liga xamante ni moy delo len li ñu len yakal.

#### PEXEE YII

keep ki gañu caa yonu tukki ak sen ay mbokku dano am ay sen akk. Uti ndimbal ci kurel ak ay mbokk ñinga xamanten ci yoy lanu nekk.

### DAAN YU JEM CI YOONU TUKKI YI

#### JAFE-JAFE

Administrasion public yi denuy tekki ay galan kor ci ay mbokk ki faatu saa yuñu yobe mbirr mi ca yonn ba. Metina lol way wa ngurr gii yamale wuñu tumranke akk ñenen ñi.

#### PEXEE YII

Nanu fateli ku ngur ngii k ñuy réer ak ñuy faatu ci yoonu tukki mi ak sen ay mbokam dano am ay sena kk. Amna solo lol and ak kurel yi yenguetuu di xexx aku tumranke yi.

## ÑAKK TAXAWAYU NGURR GUI

### JAFE-JAFE

Ngurr yi ak sen ay administrasior publikk yi musñu beugg nguirr nii ñii xamm ñuy rerr ak faattu ci yonn yaa. Amuñu taxawayu nguirr worr ñuy rerr wala fattu.

### PEXEE YII

Yobbu ca yonn baa, woné li xeww, mbolo donn benn. Ñu fateliku ni keep ki gañu ca yonu tukki ak ay mbokkam amnanu sen ay akk waye dano wara tooppu waa ngurr giiji ndax mu topoto lenn.

## DANUY TUMAL MBOKKU YI

### JAFE-JAFE

Mbokku yi tam dan nanu sonnu ci walu tukkin. Yene say, mbo-kku yi danuy dajj ay tolof tolof yu melni joxoñ. Lolu yepp wa ngurgui ñolenkoy tegual.

### PEXEE YII

Donn mbokku ki réer wala faatu taxul ngueen bookk ci liko taxa réer wala faatu. Natu la ci yenn tam.

Bude ateno jamono joju, meun nga utti ndimbale cii kureel yii.



## XEEJ NGUIR JELEE FI SACC AK XIBAAR YU WERUL

### JAFE-JAFE

Ci sunu lekkeloo ak njaboot yi, guis nan ci ay mbooloo ak kureel yuy jaalalé ay xibaar yu werul; tegu wul ludul ci ñaaka xam wala begg ci am koom

### PEXEE YII

BJéemë meengale xibaar yi nu am ak yi nu jelee fu woor, sutuma bulenn joxx xaliss kenn. Bu leen gem ni seen mbookk feñ na bolen amul xibaar bu lerr te worr.

Nanu bay xell ci xibaru radio cancan yi ndaxte bari nanu ci internet bi: xamulo kana nekk ci guinaw xibarr bobu. Kila tápale, nga yobb ko ca yonn ba.

## GALAN KOR YIFA AM AK AYY PEXEE NGUIRR MUNA MUÑKO

### JAFE-JAFE

Amna ayy gal ñinga xamanenti denuy rerr ak ay niñi nekk ci birr, te kenn du xam dara ci ñoñ.

Lu ci bari, ñuy nekk ci gal yoyu ken du xamm dará ci ñoñ, neew yoyu ca ndoxbala ñuy des.

### PEXEE YII

Ladial kureel yi nga xamanenti ci yoyu lañuy yenguettu, ay seda, fu tumranke yi di dadie wala ay nitt ñi nga xamanenti man nanula dimbale am xibaar bu lér ci reero bobu.

## ÑU BARI CII TUMRANKE YII MAN NA AM DUÑU JOXE SEN TURR YII DEUGG BUNU NEKE CII YONN WI

### JAFE-JAFE

Yenn say nitt manna baña joxe turram degg ndaxte dafa ragal alcat yi, ñaaw njot ci mbirr tumranke bi, wala nguirr ñu baññ ko dello dekkam.

### PEXEE YII

Dina am solo lol joxe beppu xibaar bunu mana am (natalu, nitt ki numu mell, yere bumu sol, ak ñimu andonn) ngirr yombale raañé bi.

## YOONU BU NUY JEEL NGUIR RAAÑE NIÑI TAXUL GAW NONU

### JAFE-JAFE

Yenn say, xibaar yuñuy jott ci nittki duñuko topato kom niñko wara deff. Lolu mann na xeew jamono bune ci lijante bi.

### PEXEE YII

Wara topato neew bi ci suturo waye tam dano wara diel bepp xibaar bunu meuna amm ci mom ndaxte dey yombal rañee bi. Keep ki gañu ca yonu tukki amna ay aakkam waye dano wara tooppu waa ngurr gi ngirr manko topoto.

## NIT ÑI RÉER, ÑI FAATU, SEENUG NJABOOT AK SEEN I ÀQ

**ÑU WAXLENN DEGG:** Xam li dall sen mbokku nguirr ñu muna natt mbirr mi nanla deme.

**ÑU FAYLENN:** Lu melni ñakk mbokku du yemm ci ay wadiour kese. Waya dey meeti ci dekanto yi. Motax dina am solo dimbale len ci jamono joju.

**ÑU MANKO YOBBU CAA YONN BA:** Ñi faatu ca frontier ba ak sen ay mbokku amnanu akk ngirr yonn bi gestu mbirr mi, deff sen ligeyy ndax ñu mana tegg sen loxo ci ñinga xamanteni ño tax gañu bobo am.

**ÑU JAPLEN COM ÑI ÑAKK SEN MBOKK CII FRONTIER BAA:** Ñi ñakk sen ay mbokku ak sen dekkendo yi amnanu akk ñu tontu lenn, xamal ni senn mbokku gañu na ak xono bunuy daj ca jamono bobu. Lolu bokul ak linga xamanteni ngurr gii lol la wara deff ngir xam nitt ki ci numu gañe, ak tegg loxo ci ñi tax mu gañu.

### Akk nit ñi réer:


- Baña ñaak raañieekuwaayam;
- Ñu seet seet bu jaar yoon;
- Deenc ko na mu waree, mu deppoo ak diineem ak aadaam;
- Baayi njaboot deenc fan ko begg deenc.

### **Akk nit ñi dee:**

- Aqi ñu raañee leen.
- Ñu suul leen fu deppoo ak seen diine ak aada.
- Ñu baayi seen njaboot wax fan begg ñu deenc leen fa.

### **Akk njaboot gi:**

- Fessal réer gui te jot ci béep xibaar bu ci aju.
- Seet ki réer ci anam bu jaar yoon.



## **CA-MINANDO FRONTERAS**

Kureel gui mongui yengu ci xeex àq ak yeeleef i béep nit buy tukki ci digg yi.

Dinan yengu itam ci dooleel mbook mba xarit béep nit ku loru wala mu am jafe-jafe ci yoonam.

### **Ndolante xibaar**

caminandofronteras.org

Nguir yeneen i leeral xool leen fii  
caminandofronteras.org/contacto

Mba nga woote ci seen nimer  
+212 694-869982